

## DEPLASMAN (NAVIGASYON)

Learn how to take an online test.



Try It!

Select the **Next** arrow to move on in the SRT. →

### FASON POU FÈ YON TÈS ANLIY (FLÈCH PWOCHEN/RETOU)

Anvan ou kòmanse tès la, premyèman ou dwe konnen fason pou fè yon tès anliy.

Nan lesон sa a, ou pral aprann sou fason pou kòmanse tès ou a, fason pou li enstriksyon yo, ak pou w pase de yon kesyon a yon lòt kesyon.

Premyèman, w ap wè non w ak enfòmasyon konsènan tès la.

Asire w non ki parèt sou ekran an se non OU. Si se pa non w, mande yon pwofesè pou ede w.

Lè moman an rive pou kòmanse, seleksyon Kòmanse.

Chak tès diferan.

Li enpòtan pou ou konnen fason pou fè tès anliy ou an pou evite fè erè pandan tès la.

Kidonk ou dwe byen li enstriksyon yo anvan ou kòmanse reponn kesyon yo.

Anlè tès la, w ap jwenn bouton flèch yo.

Pwochen flèch an montre w kesyon k ap vini yo.

Flèch retou a montre w kesyon ou te wè déjà yo.

Kèk tès divize an seksyon.

Nan fen chak seksyon, byen li enstriksyon yo anvan ou ale nan pwochen seksyon an.

Si genyen enstriksyon ou pa konprann sou tès la, mande yon pwofesè èd touswit.

Ou pral pratike sa ou te aprann nan lesон sa a pandan tout tès SRT la.

Kòmanse epi eseye !!



Learn about the REVIEW LIST. Then give it a try!



### Try It!

1. Select the Bookmark button to mark the question. 
2. Select the Review button to see the bookmarked question.
3. Select the Bookmark button again to remove your mark.

## LIS REVIZYON (BOUTON REVIZYON/MAK PAJ)

An nou pale sou fason pou itilize Lis Revizyon an ak bouton Revizyon ak Mak Paj yo.

Ou ka jwenn tou de anlè tès ou a, akote bouton flèch yo.

Bouton Revizyon ak Mak Paj yo ede w swiv travay ou an ofiramezi w ap avanse nan tès la.

Si ou pa sèten de yon kesyon epi ou vle tounen sou li anvan w fini tès ou a, ou ka seleksyone bouton Mak Paj la pou make l.

Seleksyone bouton Revizyon an pou wè mak paj ou an nan Lis Revizyon an.

Anlè lis la, genyen twa onglè.

Onglè Tout Keson an montre w tout kesyon ki genyen nan yon gwoup kesyon oswa nan seksyon yon tès.

Onglè Keson Ki Poko Reponn nan montre w ki kesyon ou rete toujou pou reponn. Nan Lis Revizyon an, yo make kesyon sa yo ak yon pwen.

Onglè Mak Paj la montre w kesyon ou te make ak bouton Mak Paj la. Nan Lis Revizyon an, yo make kesyon sa yo ak yon ikòn mak paj.

Seleksyone bouton Revizyon an ankò pou fèmen Lis Revizyon an.

Pandan tout SRT a, ou ka itilize bouton Revizyon ak Mak Paj yo pou fè pratik sou yon vrè tès.

Kounye a se tou pa w pou eseye!

Learn how to submit your test answers.



## SOUMÈT REPONS YO

Etap ki pi enpòtan nan tès la se soumèt repons ou yo. Annou aprann fason pou revize ak soumèt repons ou yo.

Kèk tès divize an seksyon. Nan fen chak sesyon tès la, w ap kapab revize repons ou an pou chak kesyon.

W ap kapab revize repons ou yo nan fen tès la tou.

Selon tès ou a, ou ka revize repons ou yo pandan w ap seleksyon Lis Revizyon an, oswa pandan w ap itilize lis ki anba a, pou swiv kesyon ou te make yo oswa kesyon ou poko reponn yo.

Apre ou fin revize repons ou yo, ou prè pou soumèt yo.

Men fè atansyon! Yon fwa ou soumèt repons ou yo, ou pa ka tounen pou revize yo apre sa.

Nan fen chak seksyon tès, byen li enstriksyon yo. Lè ou prè pou fini tès ou a, seleksyon Soumèt Repons Final yo.

Paske chak tès diferan, enstriksyon pou soumèt repons ou yo kapab chanje pafwa.

Se pou rezon sa a li enpòtan pou toujou byen li enstriksyon yo epi asire ou konprann yo anvan w kontinye.

## ZOUTI M YO



### Try It!



1. Open the Answer Eliminator in the toolbar.
2. Select answers you think are wrong to cross them out. Select again to remove the mark.
3. Select the Answer Eliminator to close the tool.
4. Select your answer.

Nora has 10 peaches. She gives 4 peaches to Ahmed. How many peaches does Nora have left?

- A. 0 peaches
- B. 4 peaches
- C. 6 peaches
- D. 9 peaches

### ELIMINATÈ REPOS

Zouti Eliminatè Repons lan pèmèt ou elimine repons ou panse ki pa kòrèk yo.

Ou ka jwenn li nan ba zouti ki anwo kesyon yo.

Ou ka itilize Eliminatè Repons lan pou konsantre w sèlman sou repons ou panse ki kapab kòrèk yo.

Seleksyone X la nan ba zouti ki anwo kesyon yo. Ou ka seleksyone nenpòt kesyon pou elimine l nan chwa w yo.

Si ou chanje ide, seleksyone repons lan ankò, epi X la ap disparèt.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about the HIGHLIGHTER. Then give it a try!



Try It!

1. Select and drag the pointer over words on your screen.

2. Choose a color to highlight the sentence.



3. Repeat these steps to change or remove the highlight.

Highlight words with the letter 'W' in the sentence below.

The windows let cold air in whenever it was windy outside.

## SOULINYÈ

Soulinyè a parèt nенpòt lè ou soulinye tèks ak souri ou an.

Ou ka itilize soulinyè a pou swiv mo enpòtan oswa detay nan tès ou a.

Seleksyone epi glise souri ou an sou mo yo nan tès ou a.


Zouti Soulinyè a parèt anwo mo yo. Chwazi yon koulè pou kite mo yo soulinye.

Si ou vle retire koulè a, seleksyone kazyé ki gen liy nan.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about the NOTEPAD. Then give it a try!



📍 Try It!

1. Open the Notepad in the toolbar. 
2. Select and drag the Notepad around your screen.
3. Type a note for yourself.
4. Close and open the Notepad to see that your notes are still there.

### KANÈ NÒT

Kanè nòt la se yon zouti ki ka ede w reflechi sou tès la.

Ou ka jwenn li nan ba zouti ki anwo kesyon tès yo.

Ou ka itilize Kanè nòt la nenpòt lè pandan tès ou an pou rasanble ak òganize lide w yo, pou sonje pwen enpòtan yo, oswa pou pran nòt pou revize annaprè.

Pou fèmen Kanè nòt la, seleksyone X la nan kwen adwat la.

Lè ou louvri Kanè nòt la ankò, nòt ou yo ap toujou la.

Kounye a se tou pa w pou eseye!

## KESYON YO

Learn about DRAG AND DROP questions. Then give it a try!



Try It!

Select and drag each number in and out of the boxes.

One   Two   Three   Four

Even Numbers   Odd Numbers

### GLISE-DEPOZE

Tès ou a kapab genyen tip kesyon glise-depoze

Premye tip kesyon Glise-Depoze a mande w pou seleksyone ak glise chif yo, imaj, oswa mo yo nan yon kazyre repsons.

Pafwa, yo kapab mande w pou glise plis pase yon repsons nan yon kazyre repsons.

Dezyèm tip kesyon Glise-Depoze a mande w pou retire tèks la nan yon pasaj epi glise l nan yon kazyre repsons. Pou kesyon sa yo, ou ka sèlman mete yon repsons nan yon kazyre repsons.

Pou retire yon repsons, seleksyone X la oswa glise yon nouvo repsons nan kazyre a.

Byen li kesyon an anvan ou kòmanse reponn.

Pou kèk kesyon, ou kapab bezwen glise plis pase yon repsons pou reponn kesyon an.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about the EQUATION EDITOR. Then give it a try!



📍 Try It!

1. Select numbers and symbols to build an equation.

2. Fill in dotted boxes with numbers as they appear.

3. Use the Undo, Redo, and Delete buttons to fix mistakes.

Show 25 as an exponent using the Equation Editor.

The interface shows a numeric keypad with digits 1-9, 0, and decimal point, along with operators +, -, ×, ÷, <, ≤, =, ≥, >, and parentheses ( ). Above the keypad are four circular arrows (left, right, up, down) and a delete/clear button.

## EDITÈ EKWASYON

Pou reponn kèk kesyon matematik, ou kapab bezwen itilize Editè Ekwasyon an. Editè Ekwasyon an pèmèt ou kreye divès ekwasyon ki gen fonksyon, fraksyon, ak chif melanje.

Byen li kesyon an anvan ou reponn. Pou kreye yon ekwasyon, mete kisè ou a anndan kazyé repons lan, apre sa peze yon chif pandan sou klavye ou a.

Seleksyone yon senbòl. Chak senbòl ou seleksyone afiche ak yon liy pwentiye ki mande yon chif.

Seleksyone chak kazyé pwentiye epi antre yon chif.


Ou ka chanje tip chif la lè w seleksyone kazyé pwentiye a, apre sa seleksyone bouton Fraksyon oswa Chif Melanje a.

Itilize bouton Anile ak Retabli yo pou korije erè yo byen vit. Seleksyone Efase Tout pou rekòmanse. Asire w ou antre yon chif nan chak kazyé pwentiye anvan ou kontinye tès ou a.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about FILL IN THE BLANK questions. Then give it a try!



#### Try It!

Enter your answers in the empty boxes below.

My name is .

There are  stripes and  stars on the American flag.

$1\frac{1}{2}$  in decimal form is:

## RANPLI ESPAS VID LA

Ou kapab wè kesyon pou Ranpli Espas Vid nan tès ou a.


Li enpòtan pou byen li kesyon an anvan ou kòmanse reponn.

Seleksyone kazye ki vid la epi ekri repons ou an. Ou ka bezwen mete yon repons nan plis pase yon kazye pou fin reponn kesyon an.

Kounye a se tou pa w pou eseye!




Learn about HOT SPOT questions. Then give it a try!



#### Try It!

Follow the directions in the question, then select your answers.

Which of the shapes below have more than four sides? Select two shapes.



## SANSIB

Tès ou a kapab genyen kesyon sansib.

Kesyon sansib yo mande w pou reponn pandan w ap seleksyone espas ki soulinye yo sou ekran ou an.


Byen li kesyon an, apre sa seleksyone espas ki soulinye a ki pi byen reponn kesyon an.

Kèk kesyon kapab mande w pou chwazi plis pase yon repons pou reponn kesyon an.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about HOT TEXT questions. Then give it a try!



### Try It!

Read the question below, then select your answers.

Which two words in these sentences are used incorrectly?

Alice followed the White Rabbit down the rabbit whole. She didn't know it would lead her all the weigh to Wonderland.

### HOT TEXT

Tès ou a kapab genyen kesyon Hot Text.

Kesyon Hot Text yo mande w pou reponn pandan w ap seleksyone tèks nan kontni tès la.


Byen li kesyon an. Seleksyone mo oswa gwoup mo ki nan kazyé a ki pi byen reponn kesyon an.

Kèk kesyon kapab mande w pou chwazi plis pase yon repons pou reponn kesyon an.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn how to answer INLINE CHOICE questions. Then give it a try!



### Try It!

Select a word from each dropdown menu to complete the sentence.

The capital of France is  , which is known for

### CHWA NAN LIY

Kesyon Chwa Nan Liy yo pèmèt ou ranpli fraz oswa gwoup fraz yo nan yon liy tèks.

Byen li kesyon an.

Kèk kesyon kapab mande w pou ranpli plis pase yon liy tèks.

Seleksyone chak meni dewoulan pou wè opsyon repons yo, apre sa seleksyone repons ou an.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about MULTIPLE CHOICE questions. Then give it a try!



### Try It!

Which planet is known as the Red Planet? Select one answer below.

- A. Jupiter
- B. Mars
- C. Saturn
- D. Earth

### CHWA MILTIP

Yon kesyon Chwa Miltip nan tès ou a mande w pou chwazi sèlman yon repons pou reponn kesyon an.  
Premyèman, byen li kesyon an, epi apre sa chèche repons ki kòrèk la.  
Apre ou fin seleksyone yon repons, li kesyon an ankò pou byen verifye.  
Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about MULTIPLE RESPONSE questions. Then give it a try!



### Try It!

Follow the directions in the question below, then select your answers.

What do you need to bake a cake? Select three ingredients.


- Eggs
- Flour
- Tomato sauce
- Sugar
- Lettuce

### REPONS MILTIP

Repons Miltip la se yon tip kesyon ki mande w pou chwazi plis pase yon repons.  
Toujou byen li kesyon an.  
Seleksyone chwa ki pi byen reponn kesyon an.  
Kèk kesyon kapab di w konbyen repons ou dwe chwazi pou reponn kesyon an.  
Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about POINT GRAPH questions. Then give it a try!




### Try It!

Practice plotting the following points on the Point Graph.

Point A: (3, 4)

Point B: (7, 2)

Point C: (3, 8)



### GRAFIK PWEN

Kesyon Grafik Pwen yo mande w pou trase pwen, liy, ak menm poligòn pou montre repons ou an.

Byen li kesyon an.

Seleksyone yon espas nan griy la pou trase yon pwen.

Kèk kesyon mande w pou trase plis pase yon pwen pou reponn kesyon ou an.

Kounye a se tou pa w pou eseye!

[Video](#) [Passage](#)



Learn about READING PASSAGES. Then give it a try!



**Try It!**

1. Select the Passage tab.
2. Scroll to see the entire poem.
3. Answer the question below about the poem.

What happens at the end of the poem?

- A. The snow man comes to life.
- B. The kids throw snowballs at the snow man.
- C. Birds attack the snow man.
- D. The kids bring the snow man inside.

**PASAJ LEKTI**

Ou kapab wè Pasaj Lekti yo nan tès ou a.

Pasaj Lekti yo mezire kapasite w pou li ak konprann divès tèks.

Toujou li enstriksyon yo anvan ou li pasaj la.

Kèk kesyon Pasaj Lekti yo divize an plizyè pati. Sonje pou reponn tout pati yo pou reponn kesyon an.

Kounye a annou gade yon egzamp yon Pasaj Lekti!





Learn about SHAPE TRANSFORMATION questions. Then give it a try!



### Try It!

1. Select and drag a shape onto the grid.
2. Repeat to change your answer.



### TRANSFÒMASYON FÒM

Ou kapab wè kesyon Transfòmasyon Fòm yo nan yon tès.

Kesyon Transfòmasyon Fòm yo montre fason pozisyon ak oryantasyon figi rijid yo chanje apre sèten transfòmasyon.


Seleksyon apati figi yo bay yo. Glise figi a sou griy la.

Ou ka chanje repons ou an nenpòt lè pandan w ap glise yon nouvo figi nan griy la.

Kounye a se tou pa w pou eseye!





Learn about SOLUTION SETS. Then give it a try!



#### Try It!

1. Select the Line 1 button, then plot two points to create a line.
2. Repeat the first step with the Line 2 button.
3. Select the Solution Set button, then select any area of the grid to shade it in.

To remove elements from the grid, select the corresponding button, then select what you want to remove.



#### ANSANM SOLISYON

Pou reponn kèk kesyon matematik, w ap bezwen kreye kèk Ansanm Solisyon.

Ou ka reprezante solisyon yo nan fòm graf nan sistèm inegalite lineyè yo ak yon Ansanm Solisyon.

Byen li kesyon an anvan ou kòmanse reponn.

Genyen bouton Liy ak yon bouton sou Ansanm Solisyon akote griy la. Bouton ou wè yo pral depann de kesyon tès la.

Premyèman, seleksyone yon liy Bouton. Apre sa, klike sou griy la pou trase yon pwen.

Klike sou griy la ankò, epi yon liy ap parèt.


Ou ka seleksyone epi glise youn nan pwen yo pou ajiste pozisyon liy nan. Si Ansanm Solisyon ou an egzije yon lòt liy, repete pwosesis sa a apre ou fin seleksyone yon lòt bouton Liy.

Finalman, klike sou bouton Ansanm Solisyon an. Seleksyone nenpòt espas nan griy la pou achire l. Achire nenpòt espas ki reflete repons ou an. Si ou bezwen efase yon liy oswa yon espas ki achire, seleksyone bouton ki koresponnan, apre sa seleksyone sa ou vle efase sou griy la.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about TABLE GRID questions. Then give it a try!



📍 Try It!

Select the checkboxes within the Table Grid to compare types of fruit.

	Can be green or red	Grow on trees	Must be peeled before eaten
Apples	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Oranges	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Grapes	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

### GRIY TABLO

Ou kapab oblige reponn késyon Griy Tablo yo nan tès ou a.

Késyon Griy Tablo yo mande w pou konpare ak opoze detay yo nan tès ou a pandan w ap seleksyonne opsyon yo nan yon tablo.

Premyèman, byen li késyon an, epi revize kolòn ak liy ki nan tablo a.

Seleksyonne bouton oswa kazye pou tcheke yo nan tablo a pou montre sa ki koresponn yo ant yon liy ak yon kolòn.

Ou kapab bezwen seleksyonne plis pase yon repons pou reponn késyon an.

Kounye a se tou pa w pou eseye!

## SIPÒ POU TÈS

Learn about ANSWER MASKING. Then give it a try!



**Try It!**

1. Open the user dropdown menu.
2. Select Enable Answer Masking.
3. Follow the directions in the question below.

Which country is also a continent?

Use the closed eye  and the open eye  to find the correct answer for the question below.

A. Russia  
 B. Mexico  
 C. Australia  
 D. England

### FONKSYON POU MASKE REPOSNS

Fonksyon pou Maske Repons lan maske repsons yo nan fen tès la jiskaske ou prè pou gade yo.

Avèk Fonksyon pou Maske Repons lan, ou ka konsantre w pou li kesyon tès la premyèman anvan w gade repsons yo.

Ou ka louvri fonksyon Maske Repons lan nan meni dewoulan itilizatè a ki akote non w lan pandan w ap seleksyone Aktive Fonksyon pou Maske Repons lan.

Repons ou yo maske kounye a! Ou ka seleksyone 'zye' ki twouve l adwat la pou revele yon repson.

Seleksyone l ankò pou tounen kouvrí repsons lan.

Si ou vle retire Fonksyon pou Maske Repons lan, retounen nan meni dewoulan itilizatè a epi seleksyone fonksyon Dezaktive Opsyon pou Maske Repons lan.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about COLOR CONTRAST. Then give it a try!



Try It!

1. Open the user dropdown menu.
2. Select Change the background and foreground color.
3. Select your color choice, then Continue.
4. Repeat these steps to change your color choice.

### KONTRAS KOULÈ

Kontras Koulè a chanje koulè tèks la ak fon tès la.

Ou ka jwenn fonksyon Kontras Koulè a nan meni dewoulan itilizatè ki akote non w lan. Ou ka itilize Kontras Koulè a pou ede w li tès ou a pi fasil.

Nan meni dewoulan itilizatè a, seleksyone Chanje koulè fon ak koulè premye plan an (foreground color).

Seleksyone yon koulè, apre sa seleksyone Kontinye.

Ou ka repete etap sa yo pou chanje koulè a ankò si ou bezwen fè sa.

Kounye a se tou pa w pou eseye!

Video Passage

Learn about the LINE READER MASK. Then give it a try!



### Try It!

1. Select the Passage tab.
2. Open the user dropdown menu.
3. Select Show Line Reader Mask.
4. Select and drag the Line Reader Mask over the passage.
5. Select and drag the bottom right corner of each mask window to adjust their sizes.
6. Select and drag the arrows to read the passage.
7. Select Hide Line Reader Mask in the user dropdown menu.

### MASK LEKTÈ LIY

Mask Lektè Liy nan ede w konsantre sou yon liy tèks alafwa pandan w ap fè lekti a.

Ou ka louvri l nan meni dewoulan itilizatè ki akote non w pandan w ap seleksyon Afiche Mask Lektè Liy nan.

Seleksyon epi glise Mask Lektè Liy nan pou pozisyone l sou tèks la. Apre sa, glise kazy a ofiramezi w ap fè lekti a pou rete konsantre. Pou fèmen l, retounen nan meni dewoulan itilizatè a epi seleksyon Kache Mask Lektè Liy nan (Hide Line Reader Mask).

Kounye a se tou pa w pou eseye!

Learn about the MAGNIFIER. Then give it a try!



### Try It!

Expand to the left before you begin.

1. Open the user dropdown menu.

2. Select Enable Magnifier.

3. Drag the Magnifier over the picture to read the words in the sky.



## LOUP

Loup la se yon fonksyon itil ki ede w wè eleman ki nan tès la pi pre.

Ou ka louvri fonksyon sa a nan meni dewoulan itilizatè a ki akote non w lan pandan w ap seleksyone Aktive Loup la (Enable Magnifier).

Yon kazyé ki agrandi afiche nan tès ou a!


Seleksyone epi glise l pou wè tès ou a pi pre.

Si ou vle dezaktive fonksyon Loup la, retounen nan meni dewoulan itilizatè a epi seleksyone fonksyon Dezaktive Loup la (Disable Magnifier).

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about the POP-UP GLOSSARY. Then give it a try!



📍 Try It!

The Pop-up Glossary is useful for building a strong vocabulary about a subject. Select the words with a dotted underline to read a glossary definition.

Which of the body parts below is NOT an organ?

- A. Lungs
- B. Skin
- C. Legs
- D. Eyes

### GLOSÈ FENÈT KONTÈKS

Kèk kesyon tès kapab gen ladan Glosè fenèt kontèks la.


Glosè fenèt kontèks la afiche lè ou seleksyone mo ki soulinye an pwentiye. Glosè Pop-up la bay definisyon, imaj, oswa lòt kontni pou mo oswa tèm espesifik yo.

Pase souri ou a sou yon mo ki soulinye an pwentiye pou wè ikòn pwen entewogasyon an. Seleksyone mo a, epi Glosè Pop-up la ba w plis enfòmasyon.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about TEXT-TO-SPEECH. Then give it a try!



📍 Try It!

1. Select the Play button on the Text-to-Speech player, and listen to the words being read to you.
2. Select the Toggle-to-Hear button, then select a sentence.
3. Select the Settings button to change the volume and speed of the Text-to-Speech player.

## TÈKS AN LAPAWÒL

Fonksyon Tèks-Pawòl la li mo ki sou ekran an pou ou.

Ou ka jwenn fonksyon Tèks-Pawòl la sou kote dwat kesyon an, isit la.

Fonksyon Tèks-Pawòl la ede pandan l ap li kesyon ak chwa repons yo pou ou pandan tès la.

Ou ka itilize fonksyon Text-to-Speech la nan de fason diferan. Seleksyone bouton Lekti a epi fonksyon Tèks-Pawòl la ap li kesyon an awotvwa depi nan kòmansman.

Seleksyone bouton pou Kanpe a nenpòt lè pou sispann koute l.

Dezyèm fason pou jwe fonksyonalite Tèks-Pawòl la se lè w seleksyone bouton Klike-Pou-Tande a anba bouton Lekti a, tankou sa.

Lè ou seleksyone bouton Klike-pou-Tande a, ou ka seleksyone yon fraz pou tande sèlman pati sa a nan tès la.

Seleksyone bouton Paramèt la nenpòt lè pou chanje vitès ak volim Text-to-Speech la isit la.

Kounye a se tou pa w pou eseye fonksyon Text-to-Speech la!

Learn about the ZOOM feature. Then give it a try!



### ZOOM (MENI DEWOULAN)

Fonksyon Zoum nan ka agrandi ak redwi tès ou a.

Fonksyon sa a disponib nan meni dewoulan itilizatè ki akote non w lan.

Si w ap itilize yon tablèt, ou ka itilize dwèt ou pou zoume pou agrandi ak pou redwi l.


Seleksyone Zoom In (+) pou agrandi l jiska 250%. Lè ou agrandi l nan nivo sa a, ou wè yon ikòn ki gen twa liy.

Seleksyone l pou jwenn aksè nan bwat zouti a, ak bouton Revizyon ak Mak Paj la tou.

Ou ka redwi l tou, pou tounen jiska 100%.



Learn about KEYBOARD ZOOM. Then give it a try!



#### Try It!

#### For Mac keyboards

Hold down the keys listed below to use the Zoom feature.

Zoom In: Command (Cmd) and Plus sign (+)

Zoom Out: Command (Cmd) and Minus sign (-)

Reset: Command (Cmd) and 0

### ZOOM (KLAVYE MAC)

Fonksyon Zoom nan ka ede w li tès la pi fasil.

Pou agrandi l, kenbe touch Command lan (Cmd) ak siy plis (+) ki sou klavye ou a.

Pou redwi l, kenbe touch Command lan (Cmd) ak siy mwens lan (-).

Pou reyinisyale ekran ou an, kenbe touch Command lan (Cmd) ak 0.

Kounye a se tou pa w pou eseye!



Learn about KEYBOARD ZOOM. Then give it a try!



### Try It!

#### For PC keyboards

Hold down the keys listed below to use the Zoom feature.

Zoom In: Control (Ctrl) and plus sign (+)

Zoom Out: Control (Ctrl) and minus sign (-)

Reset: Control (Ctrl) and 0

#### ZOOM (KLAVYE PC)

Fonksyon Zoom nan ka ede w li tès la pi fasil.

Pou agrandi l, kenbe touch Control la (Ctrl) ak siy plis (+) ki sou klavye ou a. Pou redwi l, kenbe touch Control la (Ctrl) ak siy mwens lan (-).

Pou reyinisyalyize ekran ou an, kenbe touch Control la (Ctrl) ak 0.

Kounye a se tou pa w pou eseye!